



Pou Piblikasyon Imedya: 19/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN DEKRETÈ EGZEKITIF KI ÒDONE BIZNIS YO KI EGZIJE PÈSONÈL NAN BIWO YO POU DIMINYE MENDÈV NAN BIWO YO DE 75 POUSAN

Eksepsyon fèt pou sèvis esansyèl yo

Li anonse Soulajman Ipotèk pou 90 jou pou Nouyòkè yo, gen ladan peman ipotèk ki anile yo baze sou difikilte ekonomik ak okenn rapò negatif bay biwo kredi yo - frè ki anile yo pou ensifizans, kat ATM ak kredi yo

Nouvo règleman DFS la pou libere pèsonèl ak akselere admisyon nan lopital epi pwosesis egzeyat

Li egzekite nouvo regilasyon yo ak anile règleman Depatman Sante yo pou ajoute kapasite kabann lopital

Konfime 1 769 ka coronavirus anplis nan Eta New York - sa ki mete total nan tout Eta a ak 4 152; nouvo ka nan 30 Konte

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen dekretè egzekitif ki òdone biznis yo ki depann de pèsonèl nan biwo yo pou diminye mendèv nan biwo yo a de 75 pousan. Sa fè swit ak direktiv Gouvènè Cuomo a yè ke tout biznis yo egzekite politik travay lakay yo. Eksepsyon yo pral fèt pou endistri sèvis esansyèl yo, ki gen ladan ekspedisyon, medya, antrepwaj, pwodiksyon pwovizyon ak manje, famasi yo, founisè swen sante yo, sèvis piblik yo, bank ak enstitisyon finansye ki gen rapò yo, ak lòt endistri ki enpòtan pou chèn apwovizyonman an.

Gouvènè a te anonse Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) te pibliye yon nouvo direktiv pou founisè sèvis ipotèk (mortgage) Eta New York yo pou bay soulajman ipotèk pou 90 jou pou anprentè ipotèk ki afekte pa nouvo kowonaviris la. Direktiv la gen ladan:

- Anile peman ipotèk yo baze sou difikilte finansye;
- Okenn rapò negatif bay biwo kredi yo;
- Peryòd gras pou modifikasyon prè;
- Okenn frè pou peman an reta oswa frè peman anliy; ak
- Ranwaye oswa sispann sezi yo.

Anplis de sa, Gouvènè a te mande DFS la pou bay enstriksyon ak kès koperativ yo pou anile frè ATM yo, frè reta yo, frè ensifizans yo ak frè pou kat kredi yo pou ede redwi difikilte finansye pandemi COVID-19 la sou Nouyòkè yo.

"Nou konnen sa nou dwe fè pou kontni pwopagasyon viris la - redwi dansite ak kontak moun ak moun - epi baze sou nouvo done yo nou ap jwenn chak jou, nou ap pran mezi pou kenbe plis Nouyòkè lakay yo pandan nou ap kenbe sèvis esansyèl yo ap fonksyone", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "An menm tan, nou konnen pral gen enpak ekonomik nan tout Eta a epi nou ap pran nouvo mezi pou sipòte plizyè milye Nouyòkè ak ti biznis ki ap souffri. Li pral difisil, li pral deranjan, men nou pral simonte sa ansanm."

Gouvènè a te anonse tou dekrè egzekitif ki pèmèt Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a idantifye espas andedan lopital aktyèl yo pou ogmante kapasite kabann yo. Sa fonde sou efò Gouvènè a yo pou ogmante kapasite reyaksyon lopital Eta ak ede asire ke sistèm swen sante nou an kapab jere yon gwo kantite pasyan akòz COVID-19.

Gouvènè a te anonse tou nouvo mezi yo pou libere pèsonèl ak akselere admisyon ak pwosesis egzeryat nan lopital yo pandan 90 jou. Depatman Sèvis Finansye a pral pibliye yon direktiv pou konpayi swen sante yo ki pèmèt operasyon ak admisyon pwograme san apwobasyon preyalab konpayi asirans ak pèmèt sèvis lopital pasyan entèn yo san apwobasyon asirans. Anba mezi sa a, konpayi asirans yo pral peye sèvis lopital pasyan entèn yo ak sèvis ijans yo san tann pou revize bezwen medikal. Li pral pèmèt egzeryat pasyan yo pou yon sant reyabilitasyon oswa reyadaptasyon apre yon sejou lopital pasyan entèn san apwobasyon preyalab konpayi asirans yo, epi ankouraje plan yo otofinanse yo adopte menm pwovizyon sa yo.

Finalman, Gouvènè a te konfime 1769 ka Coronavirus anplis, sa ki bay yon total 4 152 ka konfime nan Eta New York. Nan total 4152 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte Albany: 43 (7 nouvo ka)
Konte Allegany: 2
Konte Broome: 2 (1 nouvo ka)
Konte Chenango: 2 (1 nouvo ka)
Konte Clinton: 2 (1 nouvo ka)
Konte Delaware: 1
Konte Dutchess: 31 (11 nouvo ka)
Konte Erie: 28 (21 nouvo ka)
Konte Essex: 1
Konte Fulton: 1 (1 nouvo ka)
Genesee County: 1 (1 nouvo ka)
Konte Greene: 2
Konte Hamilton: 2 (1 nouvo ka)
Konte Herkimer: 1
Konte Jefferson: 1 (1 nouvo ka)
Konte Monroe: 27 (13 nouvo ka)
Konte Montgomery: 2
Konte Nassau: 372 (189 nouvo ka)

Konte Niagara: 1 (1 nouvo ka)
Vil New York: 2469 (1129 nouvo ka)
Konte Oneida: 2 (2 nouvo ka)
Konte Onondaga: 5 (3 nouvo ka)
Konte Ontario: 1
Konte Orange: 51 (19 nouvo ka)
Konte Putnam: 5 (3 nouvo ka)
Konte Rensselaer: 6 (2 nouvo ka)
Konte Rockland: 53 (23 nouvo ka)
Konte Saratoga: 18 (4 nouvo ka)
Konte Schenectady: 18 (4 nouvo ka)
Konte Schoharie: 1 (1 nouvo ka)
Konte Suffolk: 178 (62 nouvo ka)
Konte Sullivan: 3 (2 nouvo ka)
Konte Tioga: 1
Konte Tompkins: 6 (3 nouvo ka)
Konte Ulster: 10 (1 nouvo ka)
Konte Warren: 1
Konte Washington: 1
Konte Wayne: 1 (1 nouvo ka)
Konte Westchester: 798 (260 nouvo ka)
Konte Wyoming: 2 (1 nouvo ka)

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)